# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–28 मार्च 2024 भोजपुरी समाचार

लोकसभा चुनाव क दुसरा फेरा बदे आजु अधिसूचना जारी भइले के सथहीं नामांकन प्रक्रिया शुरू हो गइल। प्रदेस क मुख्य निर्वाचन अधिकारी नवदीप रिणवा बतवलें कि दुसरा फेरा में उत्तर प्रदेस क आठ सीटिनि पर चुनाव होई। एहमन अमरोहा, मेरठ, बागपत, गाजियाबाद, गौतमबुद्धनगर, बुलंदशहर, अलीगढ़ अउर मथुरा सामिल हौ। येह आठ सीटिनि में सात सीटि सामान्य अउर बुलंदशहर क सीटि अनुसूचित जाति बदे आरक्षित हौ। येह सीटिनि पर ओम्मेदवार चारि अपरैल ले आपन नामांकन पत्र दाखिल कइ सके लें अउर नामांकन परचन क जांचि पांच अपरैल के होई। ओम्मेदवार आठ अपरैल ले आपन नांव वापिस ले सके लें। येह सीटिनि बदे मतदान छब्बीस अपरैल के होई।

दुसरा फेरा क आठ लोकसभा निर्वाचन क्षेत्रन में एक करोड़ सड़सठ लाख मतदाता हवें, जवना में नब्बे लाख इग्यारह हजार पुरूष, सतहत्तर लाख अड़तीस हजार महिला अउर सात सौ सतासी थर्ड जेंडर मतदाता हवें। येह निर्वाचन क्षेत्रन में कुलि सात हजार सात सौ सत्तानबे मतदान केन्द्र आ सतरह हजार छौ सौ सतहत्तर पोलिंग बूथ हौ।

**********

लोकसभा चुनाव में पहिला फेरा क नामांकन प्रक्रिया काल्हि पूरा भइले के बाद आजु दाखिल कइल गइल नामांकन परचन क जांचि कइल गइल। पहिला फेरा में प्रदेस क आठ लोकसभा क्षेत्रन सहारनपुर, कैराना, मुजफ्फरनगर, बिजनौर, नगीना सुरक्षित, मुरादाबाद, रामपुर अउर पीलीभीत बदे नामांकन पत्र दाखिल कइल गइल हौ। मुरादाबाद में वर्तमान सांसद एसटी हसन के साथे पांच ओम्मेदवारन क नामांकन परचा जांचि के बाद खारिज कै दिहल गइल हौ। ओहर रामपुर में आजम खान क करीबी मानल जानल आसीम राजा के साथे बारह ओम्मेदवारन क नामांकन परचा खारिज कइल गइल हौ।

**********

काल्हि से लोकसभा चुनाव परचार में उतरल भाजपा क वरिस्ठ नेता अउर प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु मुजफ्फरनगर, शामली अउर सहारनपुर में प्रबुद्ध सम्मेलन के सम्बोधित कइलें। येह सम्मेलन में उहां के कहलीं कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के तिसरा बेरि सत्ता में लावे बदे प्रबुद्धजन के आपन जिमवारी समझे के होई। श्री योगी कहलें कि एगो ओट देस क किस्मति अउर तस्वीरि के बदलि सके ला। पच्छिमी उत्तर प्रदेस के लोगिन क ओट जब सही पारटी के साथे गइल त, ओहां अराजकता खतम भइल, विकास के नया ऊंचाई मिलल अउर आस्था के सम्मानो भइल। पच्छिमी उत्तर प्रदेस क प्रबुद्ध वर्ग सम्मेलन में उहां के कहलीं कि किसानन क मसीहा चौधरी चरण सिंह के भारत रत्न मिलल हौ। उन्हें ई सम्मान बहुत पहिले मिले के चाहत रहल बाकिर, किसान पछिला सरकारन के एजेंडा में नाहीं रहल। चौधरी साहब के भारत रत्न मिलले से यूपी क मान बढ़ल हौ।

**********

लोकसभा चुनाव दुइ हजार चउबीस में आदर्स चुनाव संहिता क परभावी अनुपालन बदे निर्वाचन आयोग सी विजिल एप विकसित कइले हौ। सथहीं येह एप के ले के जिला निर्वाचन अधिकारियन के जरिये व्यापक जागरूकता क कार्यक्रमों सुरू कइल गइल हौ। गोरखपुर में लोकसभा चुनाव के देखि के आचार संहिता क परभारी अधिकारी अंजनी कुमार सिंह बतवलें कि येह एप के जरिये से कउनों मनई आदर्स आचार संहिता के उल्लंघन क सिकाइति कइ सके ला। एकरे बदे ओके ओहिजुकवें वीडियो चाहे फोटो एप पर अपलोड करे के होई। सिकाइति होते एकर सूचना कंट्रोल रूम में पहुंचि जाई। सथहीं, सिकाइतिकरता के लोकेसन क जनकरियो हो जाई। निर्वाचन आयोग सिकाइति मिलले के सौ मिनट के भित्तर मामिला क निपटारा सुनिस्चित करी।

**********

लोकसभा चुनाव में मतदान प्रतिसत बढ़ावे बदे प्रदेस भर में बड़हन पैमाना पर मतदाता जागरूकता क कार्यक्रम आयोजित कइल जा रहल हौ। भदोही में आजु मुख्य विकास अधिकारी कम मतदान वाले कई बूथन पर अभियान चला के मतदाता लोगिन के जागरूक कइलें। उहां के बहरे रहे वाले मतदाता लोगिन से फोने पर बतियवलीं अउर मतदान के तारीख पर ओनसे बूथ पर मौजूद रहे क अरजि कइलीं। जौनपुर जिला में जिला निर्वाचन अधिकारी रविन्द्र कुमार मतदाता जागरूकता अभियान की ओरि से महिला स्कूटी रैली के हरियर झंडी देखा के रवाना कइलें।

**********

अजोध्या में प्रभु रामलला क प्राण प्रतिस्ठा के बाद आवे वाला महिन्ना में होखे वाले रामनौमी महापरब के धूमधाम से बनावे क तइयारी जोर–सोर से चलि रहल हौ। येह बिच्चे, प्रदेस क पुलिस महानिदेसक प्रशान्त कुमार आजु अजोध्या पहुंचि के सुरक्षा इंतिजाम क समीक्षा कइलें। पुलिस महानिदेसक अपने अधिनस्थ अधिकारियन के सरधालुअन क सुरक्षा अउर सुविधा के ले के जरूरी निरदेसो दिहलें।

**********

होली के नाते येह बरिस विश्व क्षय रोग दिवस चउबीस मार्च के न मना के आजु मनावल गइल। येह मौका पर प्रदेस क कई जिलन में स्वास्थ्य विभाग की ओरि से कार्यक्रमन क आयोजन कइल गइल। गोरखपुर में आयोजित एगो कार्यक्रम में टीबी चैम्पियन के सम्मानित कइलस। मुख्य चिकित्साधिकारी डॉक्टर आशुतोष कुमार दुबे बतवलें कि गोरखपुर में येह समय आठ हजार दुइ सौ सत्तावन ड्रग सेंसिटिव टीबी

मरीजन क इलाज चलि रहल हौ। बनारस में विश्व क्षय रोग दिवस पर एसएसपीजी चिकित्सालय में तीस क्षय रोगियन के प्रमुख चिकित्सा अधीक्षक अउर जिला क्षय रोग अधिकारी की ओरि से पोसण पोटली दीहल गइल।

**********